


## DANGA WARA TAMBALI FADIOUM DJANGORO SIDA



Sou fékéné da nga amé djangoro sida, tambali fadjmi lou ame solo la.si wakhtou wowou di nagne la khamale lép li nga khamné fadjmi di na ko indi si sa wér gou yaram.

### 01

#### NDAKH LANE NIIT KI AMÉ DJANGORO BI WARA FADIOU?

Fadjmi day wagni limou domou djangoro bi nek si sa yaram,.lolou moy takh nga menu doundou ate you bari, bou andak wer gou yaram, bou bakh té sell.si lolou itam sou féké né domou djangoro bi guissatougne ko si sa yaram si diir bou yague, li wara takh nga wale domou djangoro bi kénéne meneutoul nék.

So khassé ba tambali fadjmi nak danko wara dieul beuss bou nék, té yitam nga bolé ko si sa doundou.thi lou bari niit gnouye dieul garap yi nguir fadj djangoro Sida dounou ame béne diaffé diaffé .

Sou féké né itame fadj gou lo tambali padji bi lou ame solo la té dang thié wara bayi khél.

### 02

#### LI PADJ MI MENEU DIOUR:

Meun na ame si tambali padj mi,nga amé lou melni miir gnaka sawar,wala biir bouy daw.lolou yeup moy woné né sa yaram mou ngui tambalé miin garap yi. Lou thi bari nak lou oyof la té yomba fadj mba gnou diéki say rek dègn thi ay fane .sou féké né nak takha woul mba mou méti, sou boba dangay dém keur doctor.

Amoul béne siki saka né meun na ame yénène diaffé diaffé wayé saytou bign laye saytou ak topato bi diaffé diaffé yidou wagni dara si sa wér gou yaram.

### 03

#### KAGN NGA WARA TAMBALI?

Fimné ni khamnagn né lo télé tambali fadj mi mou gueneu bakhsi sa wér gou yaram.wayé ak loumou meun ta donel ou témbéré amou fi,lolo takh nga wara takhirlou wakhtane ak sa doctor thi lép loula si diakhal bala ngay tambali.

### 04

#### LI GNOU WARA SEYTTOU

- Fadjmi dina la dimbali thi défarate sa wèr gou yaram té di na wagnili takh nga menu wale djangoro bi ki nga sékeul négou seey
- Nguir ngome gnognou nga ko sékheule danga wara diéle sa ayy garab nila ko sa doctor wakhé
- Bakh na lol tame ngay saytou sa dérète yène say ndakh fadj mi bakh na téyi tame gnou saytou lila fébar bi menu dioural. Amna solo lol ngay set sa doctor bala nga dieul bénène garab sou féké né danga tambali fadjmi nguir moytou bèp diaffé diaffé.
- Tambalème fadj mi lou ame solo la ba takhna da nga wara wakhtane ak sa ngué guénay ba paré.

Kène waar ta seuseul kène ndakh mou fadiou. Tambali fagnemi kounék ya coye dieulele sa bopp, sa yo yakaré né takhaw ga.

**gt** grupo de trabajo sobre tratamientos del VIH  
ENTIDAD DECLARADA DE UTILIDAD PÚBLICA  
ONG DE DESARROLLO

**SUBVENCIÓN**

GOBIERNO DE ESPAÑA | MINISTERIO DE SANIDAD, SERVICIOS SOCIALES E IGUALDAD  
FOR SOLIDARIDAD OTROS FINES DE INTERÉS SOCIAL

GOBIERNO DE ESPAÑA | MINISTERIO DE SANIDAD, SERVICIOS SOCIALES E IGUALDAD  
Secretaría del Plan Nacional sobre el Sida

Generalitat de Catalunya  
Agència de Salut Pública de Catalunya

Generalitat de Catalunya  
Departament de Justícia

Ajuntament de Barcelona  
ÀREA DE QUALITAT DE VIDA, IGUALTAT I ESPORTS

Diputació Barcelona  
ÀREA DE BENESTAR SOCIAL

**COLABORA**

ETIS  
EQUIP DE TREBALL SOBRE INMIGRACIÓ I SALUT

TROPICAL DRAISSANES



¿TIENES DUDAS  
SOBRE EL TEMA?  
PREGÚNTANOS

Tel. 93 458 26 41  
consultas@gtt-vih.org